Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъилъе,нилъ гьечIого,хур.

Инхоса ГIали-хIажи

# Гумбет

Гумбет районалъул газета

www.mo-gumbet.ru

Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

№ 14 (6850) 10 апрель 2023 с. Итни Рамазан 1444 с. Багьа - эркенаб



БАКЪЛЪУЛАЗУЛ АНКЬ

## ПатIимат ГIабдураупова – райбольницаялъул цIияй нухмалъулей

### Сахлъи цIуни, лъайкьей, росдал магIишат...

**Араб талат къоялъ бакълъулазул администрациялда муниципалитеталъул нухмалъулев Гъалип Гъалиповасул бетIерлъиялда сахлъи цIуни, росдал магIишат, лъайкьей ва цогидал рахъазда хурхарал суалал рорхараб данделъи тIобитIана. Гьенир гIахьаллъана администрациялъул аппаратальул хIалтIухъаби, федералиял, республикаялъулал ва бакIалъул идарабазул вакилзаби ва цогидал.**



Районалъул хIаракатчагIазда Гъалиповас йихьизаюна муниципалитеталъул централияб больницаялъул бетIерав тохтурасул ишал тIуразарулейлъун тарай ПатIимат ГIабдураупова.

«ПатIимат МухIамадовна йиго ракI-ракIалъ унтаразулги районалъул сахлъи цIуни цебетIеялъулги ургъел бугей гIадан. Гьей хIалтIана къватIисел пачалихъазда, Россиялъул тахшагьаралда. Хвасар гьаруна нус-нус гIумруял. Жакъа бакълъулазе хIажат руго гьединал махщалилал. Баркала буго ПатIимат МухIамадовнаялъе, Москваги тун, гIагараб ракьалда медицина цебетIезабизе ячIаралъухъ.

РакI-ракIалъ гьарула дуе щулияб сахлъигун халатаб гIумру, цIияб хъулухъалда лъикIал хIасилал. Киналго бакълъулазе ва гIолохъанал махщалилазе пайда щваги дур хIалбихьиялдаса, лъаялдаса», – ян абуна Гъалип Гъалиповас.

Араб анкьалъ гьединго тIобитIун букIана ГIабдураупова больницаялъул хIалтIухъабазда йихьизаюраб данделъи. Гьеб тадбиралда гIахьаллъи гьабуна ДРялъул Минздравалъул кадровияб сиясаталъул управлениялъул нухмалъулев Артур Вердиевас.



ПатIимат ГIабдураупова гьедизабизе рахъалдасан баркала загьир гьабуна Дагъистаналъул Минздравалъул министр Татьяна Беляевалъе гьабураб божилъиялъухъ. «Дица хIаракат бахъила ДРялъул Минздравалда ва Бакълъул районалъул тIалъиялда цадахъ муниципалитеталда сахлъи цIуниялъул рахъал лъикIлъизаризе», – ян абуна ГIабдураупоьалъ.

Гьей ккола тIадегIанаб категориялъул тохтур, гIемерал соназ Россиялда ва къватIисел пачалихъазда хIалтIарай, хIалбихьи бугей специалист. Къого соналъ хIалтIана терапевтлъун, жеги 20 соналъ хIалтIана Москваялда терапевт-кардиологлъунги.

ПатIимат ГIабдурауповалъ

**«Гумбет» РИО**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ ГIУМРУ

## ТIад Инхоса МухIамадамин Дибировасул гIагарлъигун дандчIвана Гъалип Гъалипов

**Бакълъул районалъул бетIер Гъалип Гъалипов араб анкьалъ дандчIвана Украиналда тIобитIараб спецоперациялдаса тIадвуссинчIев ТIад Инхоса МухIамадамин Дибировасул гIагарлъигун, росуцоялгун. «Вагнер» ЧВКялъул кьерда Бакълъул мухъалдаса рагъухъанас, рухIалда барахщичIого, цIунана ВатIан.**



Бихьизабураб гъунаралъухъ гьев мустахIикълъана Бихьинчилъиялъул орденалъе. Россиялъул Президент Владимир Путиница гъулбас гьабуна гьесие шапакъат кьеялъул амруялда. Гьединго Дибировасе щун рукIана цогидал шапакъаталги.

Муниципалитеталъул бетIер Гъалип Гъалиповас баян гьабуна Новороссия неофашизмалдаса эркен гьабулаго хваразул хъизаназул, гIага-божаразул тIалабал тIуразе бажарараб гьабизе букIин.

**«Гумбет» РИО**

НОМЕРАЛДА РУГО:



**МахIачхъалаялда тIобитIана бакълъулазул кIалбиччай-ифтар**

- 2 - гьум.



**Сергей Меликовасул цIаралдасан ракIалдещвеялъул сагIат кьуна МухIамадрасул Сулеймановасе**

- 2 гьум.



**«ГьитIинаб ВатIаналъул тарих»**

- 2 гьум.



**Гьайирбег ГIалиасхIабов – унго-унгояв кавказияв**

- 3 гьум.

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ ГІУМРУ

# «Гъалип Гъалипов: «Армиялде хъулухъ гьабизе ахІарал Украинаялда унеб бугеб спецоперациялде ритІизе гьечІо»

### Районалъул нухмалъулесе СВОялъул гІахьалчагІазухъе кумек гьабуралъухъ – Баркалаялъул кагъат

**Муниципалитеталъул хІаракатчагІигун дандчІвана бакълъулазул бетІер Гъалип Гъалипов араб арбагІ кьоялъ. Тадбиралда гІахьаллъи гьабуна гьесул заместитель ГІалихан ДавудхІажиевас, районалъул идарабазул нухмалъулез ва хІалтІухъабаз. Дандеруссиналда Гъалиповас бицана районалда унеб букІин армиялде гІолилал ахІиялъул кампания, баян гьабуна, контрактги хъван, СВОялде рагъулаб хъулухъ борхизе ине рес букІиналъулги.**



«Ассаламу гІалайкум хІурматиял бакълъулал! Нилъер мухъалдаги, тІолго Россиялда гІадин, тІоритІулел руго армиялде гІолилал ахІиялъул тадбирал. Нилъеца кІвар кьезе ккола къиматаб даражаялда гьеб кампания тІобитІиялде. Армиялде хъулухъ гьабизе ахІарал Украинаялда тІобитІараб спецоперациялде ритІизе гьечІо.

Хасаб рагъулаб операциялда гІахьаллъизе бокьарал ине бегьула, контракти хъван. Гьезие чІезабун буго цІикІкІараб харж ва социалияб пакет. Жидеего бокьун, контракт хъван, мобилизациялде гъорлье ун Бакълъул мухъалдаса СВОялде араз бихьизабулеб буго унго-унгояб бахІарчилъи. Гьарула гьезие бергьенлъигун тІадруссин, гьезул цІарал кидаго бахІарзалъ рехсезе руго», – ян абуна Гъалиповас.

ТІолгороссиялъул «Цогояб Россия» сиясатияб партиялъул Генералияб секретарь, РФялъул ФСялъул нухмалъулесул тІоцевесев заместитель Андрей Турчакица бакълъулазул бетІер Гъалип Гъалиповасе СВОялъул гІахьалчагІазе ва гьезул хъизаназе гьабураб кумекалъухъ Баркалаялъул кагъат къуна. Гъалиповасул жигаралдалъун ва бакълъулазул хІаракаталдалъун фронталде битІана 20 тоннаялдасаги цІикІкІун къайи.

**Макка МухІамадова**

ВАТІАНИЯБ ТІАЛАБ ТІОБИТІУЛАГО

# Сергей Меликовасул цІаралдасан ракІалдещвеялъул сагІат кьуна МухІамадрасул Сулеймановасе

### 7 нухалъ щвана СВОялъул гІахьалчагІахъе

**ТІолгороссиялъул «Рагъулаб вацлъи» абураб жамгІияб идараялъул Бакълъулазул мухъалда бугеб отделениялъул нухмалъулев, Дагъистаналъул гІолилазул мустахІикъав насихІатчи, Афгъаналъул рагъул гІахьалчи МухІамадрасул Сулеймановасе щвана республикаялъул бетІер Сергей Меликовасул цІар хъвараб сагІат.**



Дагъистаналъул нухмалъулесул цІаралдасан сагІат гьесие кьуна муниципалитеталъул нухмалъулев Гъалип Гъалиповас. «РакІ-ракІалъ баркула МухІамадрасул МухІамадтІаминовичасда Сергей ГІалимович Меликовасул цІаралдасан ракІалдещвеялъул сайгъат щвей! СВОялъул гІахьалчагІахъе посылкаби щвезариялъул ва цогидаб кумек гьабиялъул рахъалъ гІемераб хІалтІи гьабулеб буго гьес.

Гуманитарияб кумекгун анкьго нухалъ щвана спецоперация тІобитІараб мухъалде гьев. Нилъер аскариязухъе щвана бакълъулаз бакІарараб 20 тоннаялдасаги цІикІкІун къайи.

Гьеб бакІариялъулъ гІахьаллъана киналго росабазул вакилзаби, учреждениязул нухмалъулел, хІалтІухъаби ва гь. ц. Гьарула МухІамадрасул МухІамадтІаминовичасе щулияб сахлъи, сундулъго битІккей», – ян абуна Гъалип Гъалиповас.

**«Гумбет» РИО**

ИСЛАМАЛЪУЛЪ БУГО ХВАСАРЛЪИ

# МахІачхъалаялда тІобитІана бакълъулазул кІалбиччай-ифтар

**Хирияб Рамазан моцІалъул хІурматалда ГІиса аварагасул цІаралда бугеб рухІиябгун лъайкьеялъул централда 6-абилеб апрелалда тІобитІана бакълъулазул ифтар-мажлис. Рохалилаб тадбиралда гІахьаллъи гьабуна Дагъистаналъул Халкъияб Собраниялъул нухмалъулесул заместитель СайгидахІмад АхІмадовас, Бакълъул районалъул бетІер Гъалип Гъалиповас, районалъул депутатазул Собраниялъул нухмалъулев Мухтар АхІмадовас, бакълъулазул имам ГІабдурашид ХІажиевас ва цогидаз.**



СайгидахІмад АхІмадовас ракьцоязда баркана тІаде щвараб Рамазан моцІ, гІагараб Бакълъул районалъе гьарана кинабго лъикІабщинаб. Гьесул рагІабазда рекъон, гьединал мажлисаз квербакъула халкъалда гьоркьоб гьуинлъи цІикІкІине, бухьен, цолъи щулалъизе.

Бакълъулазул нухмалъулев Гъалип Гъалиповас баян гьабуна Рамазан моцІалъул хІурматалда районалда батІи-батІиял гурхІел-рахІмуялъул тадбирал тІоритІулел рукІин. Гьес баркала загьир гьабуна ифтар гІуцІаразе ва гІахьаллъаразе. Мажлисалда гьединго кІалъазе рахъана диниял гІалимзаби ва Муфтияталъул вакилзаби.

Тадбиралде рачІаразда гьоркьоб гІумраялде ине путевка ва цогидал къиматал сайгъатал щвеялъул розыгрыш-акцияги тІобитІана. Гьелъул хІасилалда гІумраялде ине рес щвана ЧІиркъатІаса ГІайшат МухІамадовалъе ва Аргъваниса Шамил МухІамадовасе. Киналго руччабазе тІугьдулги рикьана ифтар-мажлисалда.

Дандельъаразе лъикІаб асар гьабуна ахІарал нашидаз, бакълъулазул маданияталъул хІалтІухъабаз рихьизарурал ВатІан бокьиялъул цецерахъиназ. Тадбиралъул хІурматиял гьалбаллъун рукІана Килалъ росулъа гьунарчи ГІумар ХІандулаев, коляскаялда ругел спортсменазда гьоркьов столалда теннис хІаялъул рахъалъ чанцІулго Россиялъул чемпионлъун вахъарав Расул Назиров ва цогидал.

ГІЕЛМУ – ХАЗИНА

# «ГьитІинаб ВатІаналъул тарих»

### Регионалияб конкурсалда къиматаб бакІ щвана Ингишоса Фатима ГъазихІмаевалъе

**Бакълъулазул районалъул Ингишо росулъа ункъабилеб классалъул цІалдохъан Фатима ГъазихІмаевалъе «Первоцвет – 2023» абураб республикаялъулаб конкурсалъул «ГьитІинаб ВатІаналъул тарих» абураб секциялда лъабабилеб бакІ щвана.**

Фатима лъабго нухалъ ахІун йикІана Москваялде федералиял каналазда рихьизарулел передачабазда гІахьаллъи гьабизе. Гьелъ гьитІинго бихьизабуна лъаялде бугеб рокьи. Муниципалитеталъул бетІер Гъалип Гъалиповас баркана Фатима ГъазихІмаевалда регионалияб конкурсалда къиматаб бакІалъе мустахІикълъи, гьарана гьелъие нахъеккунги чІахІиял бергьенлъаби.




**КІинусгоялдасаги цІикІкІун цІалдохъан гІахьаллъараб конкурсалда призовияб бакІ босана гьитІинай бакълъулалъ.**

**Зугъра ГІабдулкъадирова**

№ 14 10 апрель 2023 с.

ЧIАХЪАГИ МАГIАРУЛАЛ

# Гъайирбег ГIалиасхIабов – унго-унгояв кавказияв

## Махщалие ритIухълъиялъухъ каранда балеб гIаламат кьуна

**ЧIикь росдал аслияб школалъул физическияб культураялъул мугIалим, ветераназда гьоркьов ядро рехиялъул рахъалъ Россиялъул чанцIулго чемпион Гъайирбег ГIалиасхIабовасда «Махщалие ритIухълъиялъухъ» абураб каранда балеб гIаламат щвей баркана бакълъулазул бетIер Гъалип Гъалиповас.**




Бакълъул районалъул вакиласе шапакъат кьуна Россиялъул лъайкьеялъул министр Сергей Кравцовас. Гьединго тадбиралда гIахьаллъи гьабуна «Цогояб Россия» сиясатияб партиялъул Генсоветалъул секретарь Андрей Турчакица ва Дагъистаналъул бетIер Сергей Меликовас.

Спорталъул ветеран, тIадагьаб атлетикаялъул чемпионатазда чанцIулго бергьарав ва призовиял бакIал росарав, 80 сон барав Бакълъул районалъул ЧIикь росулъа Гъайирбег ГIалиасхIабов ккола кавказалъулазул къвакIиялъул мисал бихьизабурав.

КIудияб Бергьенлъи босаралдаса 77 сон иналъул хIурматалда тIобитIараб байрамалда ГIалиасхIабовасе районалъул нухмалъулев Гъалип Гъалиповас Баркалаялъул кагъат ва гIарцулаб сайгъатги кьуна.

**«Гумбет» РИО**

ТIИБ

# Тохтурасухъе электроннияб къагIидаялъ хъвай-хъвагIай гьаби

**Бакълъулазул районалъул поликлиникаялъ лъазабулеб буго тохтурасухъе батIи-батIиял порталаздасан, цудунго электроннияб къагIидаялъ хъвай-хъвагIайги гьабун, ине бегьулеблъи.**




Гьедин, медицинаялъул махщалилахъе ине хъвай-хъвагIай гьабизе бегьула:

1. госуслуги порталалдасан https://www.gosuslugi.ru/;
2. хъвай-хъвагIай гьабиялъул терминалалдасан (фомат);
3. регионалияб медицинаялъул тIалабал тIураялъул порталалдасан https://05.k-vrachu.ru;
4. телефоналдасан «К ВРАЧУ» абураб приложениялдасан;
5. цогояб «122» номералдасан;
6. федералияб ва регионалияб даражаялъул дистанционниял консультациял гьариялъул телемедицинаялъулаб порталалдасан http://tmk.minzdrav.gov.ru/ в режиме «врач-врач».

Электроннияб къагIидаялъ хъвай-хъвагIай гьабиялъул гIемерал бигьалъаби руго. Иргаялда чIезе ккоАаро, заман холаро, Россиялъул бокьараб регионалда, рокъорги рукIун, приемалъе хъвазе бегьула. Кинал специалистал ругел, кида гьез къабул гьарулел лъазе, нухаб заманги хун, рачIине кколаро. Цогидаз тохтурзабазе кьураб къиматалъул халгьабун, специалистал тIаса рищизе бегьула.

**«Гумбет» РИО**

ДОКУМЕНТЫ

# Собрание депутатов муниципального образования «Сельсовет “Арадирихский”»

## Решение

**от 18 марта 2022г. № 1 с. Арадирих**

**«Об утверждении отчета об исполнении бюджета МО «Сельсовет “Арадирихский”» за 2022 год**

**Руководствуясь Бюджетным кодексом Российской Федерации и Федеральным законом Российской Федерации от 06 октября 2003 года №131-ФЗ « Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации», Бюджетным Законодательством Республики Дагестан, Уставом АСП «Сельсовет “Арадирихский”», послушав доклад главы сельского поселения об исполнении бюджета МО «Сельсовет “Арадирихский”» за 2022 год Собрание депутатов:**

**Решает:**

1.Утвердить отчет об исполнении бюджета МО «Сельсовет “Арадирихский”» Гумбетовского района за 2022 год:

- по доходам в сумме 3879,6 тыс. рублей согласно приложении №1 к настоя-щему решению

- по расходам в сумме 3931,4 тысяча рублей согласно приложении №2 к настоящему решению, (источником финансирования дефицита бюджета 2021года является остаток бюджетных средств 01.01.2022гв сумме -911,2 тыс. руб.)

2. Настоящее решение вступает в силу с момента принятия и подлежит офици-альному опубликованию в районной газете «Гумбет»

**Председатель Собрания
Алигаджиев Г. М.**

Приложение № 1
к решению Собрания депутатов сельского поселения «Сельсовет “Арадирихский”»
от 18 марта 2023 г. №1

# Доходы бюджета сельского поселения «Сельсовет “Арадирихский”» за 2022 год

(тыс. руб.)

| Наименование показателей | КОДЫ классификации доходов бюджетов | План на 2022 год | Фактически исполнено за 2022 год | % исполнения |
|---|---|---|---|---|
| Налог на доходы физических лиц | 18210102010011000110 | 27,0 | 42,4 | 157,0 |
| Налог на имущество физических лиц | 18210601030101000110 | 19,0 | 23,9 | 125,8 |
| Земельный налог (пп1п1ст394) | 18210606033101000110 | 60,0 | 85,5 | 142,5 |
| Земельный налог (пп2п1ст394) | 18210606043101000110 | 0,0 | 0,0 | |
| ИТОГО СОБСТВЕННЫХ ДОХОДОВ | | 108,0 | 151,8 | 140,6 |
| БЕЗВОЗМЕЗДНЫЕ ПОСТУПЛЕНИЯ | | 3876,0 | 3613,0 | 93,2 |
| Дотация сельскому поселению из ФФПП | 00120201001100000150 | 3158,0 | 2895,0 | 91,7 |
| Субсидии в том числе | | 718,0 | 718,0 | 100,0 |
| Субсидии бюджетам поселений на строительство модернизацию, ремонт и содержани автомобильных дорог общего пользования | 00120202041100000150 | 600,0 | 600,0 | 100,0 |
| Иные межбюджетные трансферты в т.ч. средства бюджетам посе лений на выполнение пе реданных полномочий | 00120204014100000150 | 118,0 | 118,0 | 100,0 |
| Недофинансирование за ноябрь 2016 г. | | | | |
| Субсидия | 00120215009100000150 | 0,0 | 0,0 | |
| Субвенции | | 114,8 | 114,8 | 100,0 |
| | **в том числе** | | | |
| Выполнение полномочии по первичному воинско му учету на территориях, где отсуствуют военные комиссариаты (ВУС) | 00120203015100000150 | 114,8 | 114,8 | 100,0 |
| **ВСЕГО ДОХОДОВ** | | **4098,8** | **3879,6** | **94,7** |

Приложение № 2
к решению Собрания депутатов сельского поселения «Сельсовет “Арадирихский”»
от 18 марта 2023 г. №1

# Исполнение бюджета по расходам сельского поселения «Сельсовет “Арадирихский”» за 2022 год

(тыс. руб.)

| Наименование | адм. | Рз | ПР | ЦСР | Лимит бюджетных обязательств на 2022год | Кассовые выплаты за 2022 год | % выполнения |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| **ВСЕГО** | | | | | **3961,8** | **3931,4** | **99,2** |
| Общегосударственные вопросы | 001 | 01 | 00 | | 1623,6 | 1589,9 | 97,9 |
| Функционироваеие Правительства РФ, высших исполнительных органов госуд. власти субъектов РФ, местных администраций | 001 | 01 | 04 | 9900010040 | 1623,6 | 1589,9 | 97,9 |
| Национальная оборона | 001 | 02 | 00 | | 114,8 | 114,8 | 100,0 |
| Мобилизация и вневойсковая подготовка (ВУС) | 001 | 02 | 03 | 9980051180 | 114,8 | 114,8 | 100,0 |

**(Продолжение - на 4 странице)**

ДОКУМЕНТЫ

## Исполнение бюджета по расходам сельского поселения «Сельсовет “Арадирихский”» за 2022 год

(Начало - на 3 странице)

(тыс. руб.)

| Наименование | адм. | Рз | ПР | ЦСР | Лимит бюджетных обязательств на 2022 год | Кассовые выплаты за 2022 год | % выполнения |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| **ВСЕГО** | | | | | **3961,8** | **3931,4** | **99,2** |
| Общегосударственные вопросы | 001 | 01 | 00 | | 1623,6 | 1589,9 | 97,9 |
| Функционироваеие Правительства РФ, высших исполнительных органов госуд.власти субъектов РФ, местных администраций | 001 | 01 | 04 | 9900010040 | 1623,6 | 1589,9 | 97,9 |
| Национальная оборона | 001 | 02 | 00 | | 114,8 | 114,8 | 100,0 |
| Мобилизация и вневойсковая подготовка (ВУС) | 001 | 02 | 03 | 9980051180 | 114,8 | 114,8 | 100,0 |
| Национальная безопасность ипровохранительная деятельность | 001 | 03 | 00 | | 2,5 | 2,5 | 100,0 |
| Национальная экономика | 001 | 04 | 00 | | 600,0 | 655,4 | 109,2 |
| Дорожный фонд | 001 | 04 | 09 | 9900040200 | 600,0 | 655,4 | 109,2 |
| Жилищно-коммунальное хозяйство | 001 | 05 | 00 | | 508,7 | 508,7 | 100,0 |
| Благоустройство | 001 | 05 | 03 | 9900040010 | 508,7 | 508,7 | 100,0 |
| Культура и кинематография | 001 | 08 | 00 | | 961,0 | 948,9 | 98,7 |
| Културно-досуговый центр | 001 | 08 | 01 | 9900080010 | 961,0 | 948,9 | 98,7 |
| Социальная поллитика | 001 | 10 | 00 | | 113,7 | 113,7 | 100,0 |
| Пенсионное обеспечение (доплата к пенсии) | 001 | 10 | 01 | 9900090010 | 113,7 | 113,7 | 100,0 |
| Физкультура и спорт | 001 | 11 | 02 | 9900090100 | 25,0 | 0,0 | 0,0 |
| Молодежная политика | 001 | 07 | 07 | 9900070050 | 15,0 | 0,0 | 0,0 |

## Уважаемые абоненты, оплатите за поставленный ресурс вовремя

**ООО «Газпром межрегионгаз Махачкала» напоминает о необходимости расчётов за газ, строгого соблюдения платёжной дисциплины и регулярной оплаты за потребленный газ до 10 числа каждого месяца.**

Также, абоненту необходимо передавать показания прибора учёта с 23 по 25 число ежемесячно.

Оплатить за газ БЕЗ КОМИССИИ можно с помощью мобильных приложений «Газ Онлайн» и «Мой Газ», либо через «Личный кабинет абонента»




на сайте ООО «Газпром межрегионгаз Махачкала» https://mkala-mrg.ru/. Личный кабинет «Мой газ» позволяет: управлять несколькими лицевыми счетами, просматривать данные по начислениям и платежам за потребленный газ, просматривать сведения по имеющимся договорам на газоснабжение, просматривать историю показаний приборов учета газа формировать и распечатывать квитанции и т. д.

**ООО «Газпром межрегионгаз Махачкала»**

## В Гумбетовском районе стартовала подчищающая иммунизация против кори

**Сделать прививку в медицинской организации по месту жительства может любой человек, не болевший корью, не получивший прививки против кори ранее и не имеющий сведений о прививках против кори.**

«Единственный способ уберечь своего ребёнка – прививка. Это аксиома! Тем более, вакцина против кори – одна из самых безопасных, проверенных временем! Отметим, что за последние 3 года от кори в Дагестане было привито свыше 280 тысяч детей. Ни в одном случае не было осложнений после прививки.

**РИО «Гумбет»**

СУРОВ ЗАКОН, НО ЗАКОН

## В Гумбете проходит операция «Дети России – 2023»

**С 03 по 12 марта 2023 г. в Гумбетовском районе, как и в других городах и районах Республики Дагестан, с целью предупреждения распространения наркомании среди несовершеннолетних, социальных и правовых последствиях потребления наркотиков в школах района проводится 1-й этап межведомственной комплексной оперативно-профилактической операции «Дети России - 2023».**

Все это проводится с одной и главной целью уберечь подрастающее поколение от верной гибели. Ведь употребление наркотиков – это глобальная проблема нашего времени, которая затронула все человечество. Наркотики – яд, который становится частью обменных процессов организма, вызывает потребность принимать все новые и новые дозы в огромных количествах. Распространители данного «зелья» даже не задумываются о молодом поколении, не знающем жизни. Ведь распространителям наркотиков не важно, что будет с молодыми людьми в будущем, какими они станут и как будет их дальнейшая жизнь. Их главная цель – это прибыль.

Молодые люди не понимают, что через несколько лет они будут погибать на глазах своих родных, своих родителей, которые когда-то подарили им жизнь. Употребляя наркотики, не думают о том, что они люди из будущего. Жители нашего района могут анонимно сообщать об известных им фактах распространения, потребления, хранения наркотических средств. Сообщения принимаются круглосуточно сотрудниками ОМВД РФ по Гумбетовскому району по моб. тел.: 8-999-418-85-10, 8(8722) 99-69-12.

**М. А. Магомедов,**
**начальник ОМВД России по Гумбетовскому району**

## Основные правила пожарной безопасности при использовании гаджетов

**Пожар – это почти всегда результат нашей небрежности и незнания основ пожарной безопасности. Чтобы не стать жертвой огня, соблюдайте простые правила:**




1. По окончанию зарядки устройства не оставляйте блок зарядного устройства в розетке.
2. Не оставляйте телефоны, планшеты, гироскутеры, электросамокаты, зарядные устройства, смарт-устройства заряжаться на всю ночь,
либо без контроля, это может привести к перегреву устройства и пожару.
3. Используйте только оригинальные зарядные устройства и батареи питания телефонов, планшетов.
4. Если батарея питания устройства изменила форму, деформировалась,
то необходимо прекратить её использование.
5. Не оставляйте телефоны, планшеты, зарядные устройства,
смарт-устройства под прямыми лучами солнца – это может привести к их перегреву
и возможному воспламенению.
6. Не кладите телефоны и планшеты под подушку, одеяло –
это приводит к перегреву и возможному воспламенению.
7. Не рекомендуется разговаривать по телефону и играть во время его зарядки – это приводит к перегреву устройства и возможному воспламенению.
8. При попадании влаги в электроприборы пользуйтесь ими только после сервисного или профессионального обслуживания.

Помните: пожар легче предупредить, чем потушить, потому всегда соблюдайте правила пожарной безопасности сами и требуйте их соблюдения от других.

**ОНД и ПР №15 по Ботлихскому, Гумбетовскому, Ахвахскому и Цумадинскому районам**

БетIерав редактор: ХIамзат МухIамадович Гизудинов
телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияв секретарь: Зугьра ГIабдулкъадирова
Корреспондентал: Хадижат Мазгарова, Макка МухIамадова
Фотомухбир: Гебек Гебеков

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета къабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Петр ТIоцевесесул къватI, 61

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гъорк
Учредитель: РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1003
Газета къватIибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.